

Grenn Planin Anijans (Emergency Contraception) oswa EC (Grenn Nan Demen Maten Apre Sèks La)

Kisa L Ye ?	Yon metòd planin ki san danje, ki bon pou w pran apre w fin fè bagay san pwoteksyon.
Kisa Li Fè?	Anpeche yon gwosès apre sèks san pwoteksyon oswa apre planin ki pa mache. EC pa mete fen a yon gwosès epi li pap mache si yon fanm te deja ansent.
Non Komèsyal Grenn Yo	Next Choice®, Plan B® One-Step, ella®, elatriye
Kisa Ki Nan Grenn Yo?	Majorite nan EC yo gen pwojestin (progestin), youn nan òmon yo jwenn nan grenn planin chak jou yo. ella® se yon grenn ki aji menm jan ak pwojestin epi ki bloke pwojestin.
Kilè W Pran Li?	Pi bonè ou pran li, pi byen li mache. (ella® mache byen 5 jou apre sèks menm jan li mache byen premye jou a.). EC mache jiska 5 jou apre sèks san proteksyon. Kèk pake gen yon grenn, epi kèk pake gen 2 grenn. Yo ka pran 2 grenn yo ansanm.
Kisa Ki Rive Nan Kò W?	Majorite fanm yo ki pran EC santi yo byen. Kèk fanm gen kè plen, vomisman, maltèt, tèt vire, kranp nan vant oswa doulè nan tete pou yon ti tan tou kout apre yo fin pran grenn yo. Pwochen règ la kapab vini kèk jou anvan lè oswa kèk jou anreta.
Konbyen Li Koute?	EC koute anviwon 35 a 60 dola pou yon dòz. Kèk konpayi asirans peye pou li.
Ki Pi Byen Li Mache?	EC diminye chans pou yon fanm ansent ant 59 a 90 pou 100, tou depan de ki pi bonè li pran grenn yo.
Èske Jenn Timoun Yo Dwe Di Paran Yo?	Non.
Kijan W Jwenn Li?	Fanm ki gen 17 an e plis yo kapab jwenn pwojestin EC nan yon famasi san yon preskripsyon. Fanm ki gen pi piti pase 17 an bezwen yon preskripsyon pou yo jwenn EC. Fanm yo ka jwenn ella® sèlman avèk yon preskripsyon. Mande moun k ap ba w swen sante a oswa ale sou www.not-2-late.com .